

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis, deskripsi, jeung tafsiran data téh ébréh tilu pokok bahasan nyaéta ngeunaan ajén budaya, ajén sémiotika, jeung ajén pédagogik pikeun alternatif bahan ajar sastra di SMP dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* karya Rahmatullah Ading Affandie (RAF) bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Dina ieu panalungtikan dibagi jadi opat bagian utama. *Kahiji*, ajén budaya nu kapanggih dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* téh aya 69 data. Anu ngagambarkeun hakékat manusa jeung hirup kumbuhna (MH) aya 16 belas, anu ngagambarkeun hakékat manusa jeung karya (MK) aya 14 belas, anu ngagambarkeun hakékat manusa jeung lolongkrang waktu (MW) aya 17, jeung hakékat manusa jeung alam (MA) aya tilu, jeung hakékat manusa jeung papada manusa (MM) aya 19. *Kadua*, ajén sémiotika nu kapanggih dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* téh aya 29 salapan nu kabagi jadi tilu. Ikon imagi téh aya tilu, ikon diagram téh aya tilu, ikon métáfora téh aya tilu. Nu ngagambarkeun indeks perilaku téh aya lima, indeks gejala fisik gé lima, indeks aktualisasi téh aya lima. Simbol aya lima. Katilu, 22 ajén pédagogik kayaning kaayaan pergaulan di lingkungan pasantréñ tilu, kaayaan pergaulan lingkungan luar pasantréñ tilu, kaayaan pendidikan di lingkungan pasantréñ tilu, jeung kaayaan pendidikan di lingkungan luar pasantréñ ogé tilu. Alat pendidikan aya hiji nu ngébréhkeun panyalindungan, hiji sapamikiran, hiji satujuan, hiji rasa ngahiji, jeung hiji pendidikan kapentingan diri. Rupa-rupa alat pendidikan kabagi jadi hiji dina rupa alat pendidikan ngabiasakeun, hiji dina rupa alat pendidikan pangaping, hiji dina rupa alat pendidikan paréntah, hiji dina rupa alat pendidikan panyarék, jeung hiji dina rupa alat pendidikan hukuman. Kaopat, 19 ajén étnopédagogik kayaning opat Catur Diri Insan; hiji pengkuh agamana, hiji luhur élmuna, hiji jembar budayana, hiji rancagé gawéna. Tuluy ébréh

Genep Moral Manusa Punjul (MAUNG); hiji moral manusa jeung Alloh Swt., hiji moral manusa jeung dirina, hiji moral manusa jeung papadana, hiji moral manusa jeung alam, hiji moral manusa jeung lolongkrang waktu, hiji jeung moral manusa dina ngahontal kabagjaan lahir-batin. Tuluy genep Gapura Panca Waluya; hiji manusa cageur, hiji manusa bageur, hiji manusa bener, hiji manusa pinter, hiji manusa singer, jeung hiji manusa pangger. Pamungkas tilu Tri-SILAS; hiji rasa silih asih, hiji rasa silih asah, jeung hiji rasa silih asuh.

Opat kajian ieu téh diadumaniskeun sangkan jadi hiji bahan ajar anu sifatna alternatif dina ngajarkeun matéri sastra. Dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* téh loba pisan gambaran kaayaan jeung kabudayaan jaman baheula nu bisa diconto dina jaman kiwari. Sabab henteu kasebut tinggaleun jaman poma aya budaya atawa kabiasaan anu alus nu dipertahankeun nepi ka ayeuna. Malah ieu jadi ciri yén urang téh kaasup kana golongan manusa nu micinta tur ngamumulé kahadéan-kahadéan karuhun urang. Kitu deui dina ngimeutan unggal kalimah nu ngawakilan unggal bahasan. Ieu karya éstu lengkep tur matak ngirut nu macana. Urang ngarasa hampang dina maca tapi eusina kacida mundelna, bahasan agamana teu saklek gampil pikeun dipikahari, sarta teu nutup dunya tehnologi jeung seni. Harepanna sabada maca ieu hasil panalungtikan téh nu utamana mah minangka pangaweruh anyar antukna bisa bagéa sabada maca, kadiruna jadi hiji panggeuing pikeun generasi heubeul anu ngalaman masa jeung kabudayaan baheula (nostalgia) budaya jeungkarya. Pikeun dunya atikan mudah-mudahan ieu hasil panalungtikan téh baris jadi référénsi anyar pikeun muka lawang pangaweruh dunya santri, hususna dunya Islam Nusantara.

1.2 Implikasi

Sabada nganalisis ajén budaya, ajén sémiotika, ajén pédagogik, jeung ajén étnopédagogik dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ*, dipiharep hasil panalungtikan téh bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karya sastra hususna wanda carita pondok. Sok sanajan katitén tina judulna, *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* téh henteu waé museur kana kahirupan pasantrénan atawa Islam-Sunda. Dina eusi caritana gé diguar ngeunaan adat

Muhammad Ramdhan Firdaus, 2022

DONGÉNG ÉNTÉNG TI PASANTRÉÑ KARYA RAHMATULLAH ADING AFFANDIE (RAF) PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR DI SMP (Kajian Ajén Budaya, Sémiotika, jeung Étnopédagogik)
Universitas Pendidikan Indonesia repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

istiadat jeung budaya di jaman baheula kayaning kikiriman ka bangsa deungeun, nyaritakeun budaya bulan puasa, budaya maénbal, tunil, ngadulag, jeung sajabana. Nu mana kaasup kana karya nu leubeut ku ajén kahirupan, cocog dipaké referensi pikeun pangajaran di lembaga atikan.

1.3 Rékomendasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sawatara saran anu kudu ditepikeun nyaéta:

Kahiji, dina ieu panalungtikan mung saukur nalungtik ajén budaya, ajén sémiotika, ajén pédagogik, jeung ajén étnopédagogik dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* pikeun bahan pangajaran di SMP. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan nu sarua sarta leuwih teleb deui dina mesék eusi caritana tug jadi hiji bahan ajar anu munel pikeun pangajaran di lembaga atikan.

Kadua, sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan téh kawatesanan ku bahan panalungtikan. Anu mana dina cetakan anyar mah caritana ditambahan deui béda jeung carita nu ditalungtik ayeuna.

Katilu, tina hasil panalungtikan aya nu ngaévaluasi tur ngabebenah, komo dituluykeun mah dilengkepan deui dina panalungtikan séjén.